



Pou Piblikasyon Imedya: 13/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO FINI AVÈK AMELYORASYON 3 MILYON DOLA
YO NAN PAK ETA FAIR HAVEN BEACH AK FILLMORE GLEN YO NAN
NEW YORK SANTRAL**

*Amelyorasyon nan pi gran destinasyon touris sa yo ap konpleman plan
devlopman ekonomik “Central NY Rising” nan*

*Yon remaniman 2 milyon dola Saldeben Piblik Lès ak Lwès yo (East and West
Bathhouses) make premye gwo amelyorasyon nan
Fair Haven Beach depi 40 lane*

Yon pwojè 1 milyon dola renouvle mouyaj istorik Pak Eta Fillmore Glen nan

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo fini avèk amelyorasyon 3 milyon dola yo pou revitalize atraksyon pi enpòtan yo nan Pak Eta Fair Haven Beach ak Fillmore Glen yo nan Konte Cayuga. Amelyorasyon nan pak yo, ki gen ladan yo premye gwo renovasyon nan Saldeben Piblik Lès ak Lwès yo depi 40 lane nan Fair Haven Beach ak renouvèlman paviyon 1930 istorik la nan Pak Eta Fillmore Glen la, amelyore aksesibilite ak eksperyans vizitè a an jeneral. Pwojè yo se nan inisyativ NY Parks 2020 Gouvènè a pou finanse amenajman sa yo epi “Central NY Rising” ap konpleman finansman sa a, plan direktè global reyon an ap jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè.

“Pak Eta Fair Haven Beach ak Fillmore Glen yo ofri vizitè yo bote natirèl ak opòtinite detant anplennè san parèy, e yo se motè pi enpòtan endistri touris New York Santral la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk sezon ete a ki fin antre a tout vitès, n ap fè gwo pwogrè nan prezève pak eta nou yo, ogmante touris ak atire plis moun pou fè eksperyans tout sa New York Santral gen pou ofri yo.”

Nan Pak Eta Fair Haven Beach la, renovasyon 2 milyon dola Saldeben Piblik Lès ak Lwès yo se premye gwo amelyorasyon sou bò lak Fair Haven Beach la depi 40 lane. Pwojè a gen ladan renovasyon konplè enstalasyon ane 1970 yo, sa gen ladan nouvo mozayik ak ekipman – ak plis saldeben famiyal avèk sistèm chofaj dlo solè nan chak. Envestisman an reflekte angajman Eta New York anvè pak ki sou Lak Ontario a, ki te pran kou di avèk inondasyon ete sa a.

Nan Pak Eta Fillmore Glen nan, yon pwojè 1 milyon dola te renouvle paviyon 1930 istorik ki nan sant zòn natasyon pak la, santye gòj montay la, teren piknik la ak imitasyon kabin Prezidan Millard Fillmore te konn itilize a lè li te timoun. Amelyorasyon eksteryè yo nan paviyon an te gen ladan ranplase tèt kay la, ranje fenèt yo, modènize revètman li epi renove twalèt anndan yo, sal polivalan an ak pòs sovte a nèt. Amelyorasyon yo nan paviyon an vin ajoute sou renovasyon benevòl Union Sportsmen's Alliance yo te fè dènyèman nan kabin Fillmore la.

Komisyone Park Eta yo (State Parks), Rose Harvey te di, “Depi plizyè jenerasyon Fair Haven Beach ak Fillmore Glen ofri fanmi yo bèl souvni dete, epi amelyorasyon sa yo pral ede garanti tradisyon sa a ap kontinye. Nou gen chans gen youn nan pi bèl sistèm pak nan nasyon an ak yon Gouvènè ki jere resous presye sa yo yon fason ekstrawòdinè.”

Senatè James L. Seward te deklare, “Pak nou yo fè pati pi bèl resous natirèl eta nou an epi yo se yon sous solid lajan touris. Konsèvasyon, reparasyon ak devlopman mèvè sa yo ofri fanmi yo kote pou pase vakans ki pa chè, epitou yo sipòte ekonomi lokal nou an. M ap ankouraje finansman nan men eta a pou fè reparasyon nesese yo nan Fillmore Glen istorik la depi kèk tan, epi avèk amelyorasyon sa yo, pak la pral kontinye egziste ak pwospere pou jenerasyon k ap vini yo kapab jwi li. Mwen fè elòj Komisyone Harvey pou atansyon li bay pak eta nou yo ak soutyen li bay pwojè enpòtan anpil sa yo.”

Senatè Pam Helming te deklare, “Pak Eta Fair Haven Beach la se yon destinasyon touris enpòtan pou rezidan 54yèm Distri Sena a ak moun toupatou nan Eta New York, donk li esansyèl pou nou kenbe li konsa pou nou kapab kontinye jwi li pandan anpil jenerasyon. Inondasyon Lak Ontario a te frape li di li tou ane sa a, donk se yon bagay ekselan dèske nou finalman ap tande bon nouvèl sou zòn Fair Haven nan. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak Pak Eta New York yo pou angajman yo nan revitalize pak eta nou yo ak nan bay finansman ki nesese a pou amelyorasyon sa yo nan Pak Eta Fair Haven Beach la”.

Manm Asanble Bob Oaks te deklare, “Amelyorasyon yo nan saldeben piblik Pak Eta Fair Haven Beach yo ap fè pak la vin pi konfòtab lontan pou fanmi k ap pase jounen oswa tout vakans yo la. Kòm yon vizitè pak la mwen menm depi anpil nan 60 lane ki sot pase yo, mwen anchante poutèt investisman ki fèt nan enstalasyon li yo. Se te yon lane difisil pou Fair Haven avèk inondasyon Lak Ontario a. Se yon etap pozitif pou avni pak la pou plizyè santèn milye moun k ap vizite Fair Haven chak ane yo.”

Meg Vanek, Direktè Egzekitif Touris Konte Cayuga, te deklare, “Pak Eta Fair Haven Beach ak Pak Eta Fillmore Glen se de pol enpòtan nan Konte Cayuga. Yo sèvi kòm motè aktivite ekonomik enpòtan pou vilaj Fair Haven ak Moravia yo. Fair Haven se pi gran atraksyon nan Konte Cayuga, li te atire plis pase 260,000 vizitè an 2016. Fillmore Glen onore listwa Prezidan ameriken Millard Fillmore epi li gen 5 kaskad ekstrawòdinè nan youn nan pi bèl gòj montay ki genyen nan Finger Lakes.”

Amelyorasyon pak yo refilete angajman Gouvènè Cuomo pou fè revitalizasyon sistèm pak leta yo epi etann aksè a lwazi nan espas an plen è yo. [Pwogram NY Parks 2020](#)

[Gouvènè a](#) se yon angajman sou plizyè ane pou li envesti 900 milyon dola nan Pak Eta yo. Bidjè Egzekitif pou lane 2017-18 Gouvènè a repati 120 milyon dola nan inisyativ sa a.

Pak Eta Fair Haven Beach la, ki sou pòsyon lès rivaj Lak Ontario a, gen falèz ki domine rivaj la, 1,500 pye plaj sab ak teren kanping ak zòn kabin ki plontonnen bò mòn ki kouvri ak pyebwa. Gen anpil opòtinite fè lapèch ak monte bato nan Lak Ontario ak nan Bè Little Sodus ki sou kote a.

Pak Eta Fillmore Glen nan se yon owazis bwa fre, epè ki anvayi yon gòj montay long ak etwa. Santye pou pwonmnad apye li yo ofri vi espektakilè, fòmasyon jeyografiik san parèy, sa gen ladan senk kaskad, ak yon vale ki rich ak plant. Pak la gen 60 sit kanping, yon pisin rivyè alimante ak kote pou fè lapèch nan ans Lak Owasco a.

Akselere Central NY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja envesti prèske 3 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li te soumèt la, gen pwojè pou bay jiska 5,900 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418